



Sekirite

Kisa Komisyon sou Egalite Sèks nan Vil Nouyòk la ye?

Komisyon sou Egalite Sèks (CGE) nan Vil Nouyòk, ki anba Biwo Majistra pou Egalite ak Jistis Rasyal, se yon ajans vil ki gen misyon pou devlope ak etabli politik ak pratik ekitab pou sèks ki sipòte tifi, fanm, moun entèseks, moun transjanr, ak moun ki pa idantifye ak sèks yo fèt avèk li a nan kay, lekòl, nan travay, ak nan espas piblik. CGE vize akonpli misyon lè li konsantre sou twa domèn — devlope kondisyon pou mobilite ekonomik ak opòtinite, avanse sante ak jistis repwodiktif, epi kreye espas piblik, kay, ak kote travay ki an sekirite.



Kisa Sekirite ye?

Sekirite se dwa pou viv san menas, danje, oswa blesi, ni fizikman ni sikolojikman, nan espas piblik ak prive. Santi ou an sekirite ka sipòte byennèt fizik, mantal, ekonomik, ak emosyonèl moun, fanmi, ak kominote yo.

Kèk Fason CGE Avanse Sekirite

Komisyon Konsèy pou Prevansyon Arasman nan Lari (ko-prezidan)

Konsèy la etidye arasman nan lari nan Vil Nouyòk epi devlope pwogram, resous, ak rekòmandasyon pou sipòte sivivan yo (moun ki viktim yo), epi konsantre sou repons ki pa kriminalize. CGE ak Biwo Majistra a pou fini ak vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks (ENDGBV) ko-prezidan konsèy la, ki gen ladan l reprezantan lòt ajans vil yo ak defansè kominotè ki gen ekspètiz. on.nyc.gov/3TrObET

Jounen Abako

Sa a se yon kanpay chak ane pou ogmante konsyantizasyon ak apèl pou yon fen nan vyolans seksyèl. Kanpay la te kòmanse an 1999 nan peyi Itali e kounye a se yon kanpay entènasyonal ki pran plas nan dènye Mèkredi nan mwa avril la, ki se Mwa Konsyantizasyon Vyolans Seksyèl. An 2010, twa ajans vil yo te kòmanse kowalisyon Jounen Abako nan Vil Nouyòk (NYC Denim Day), ki gen ladan l kounye a plis pase 40 òganizasyon.

www.denimdayny.org

16 Jounen Aktivis kont Vyolans ki baze sou Sèks (ko-dirije)

Sa a se yon kanpay entènasyonal anyèl ki te fonde an 1991 ki kòmanse sou 25 Novanm, Jounen Entènasyonal pou Eliminasyon Vyolans kont Fanm, epi ki fini sou 10 Desanm, Jounen Dwa Moun. Objektif kanpay la se pou ogmante konsyantizasyon sou vyolans ki baze sou sèks kòm yon mwayen pou anpeche ak mete fen nan li. CGE ak ENDGBV ko-dirije kanpay sa a.

on.nyc.gov/491PhN2



RESOUS VIL LA: SEKIRITE

PWOGRAM POU FÈ VIL NOUYÒK PI SEKIRIZE

- Biwo Majistra pou Fen Vyolans ki baze sou Sèks ak Vyolans Domestik: on.nyc.gov/3V5L5re
- Plan Aksyon Majistra pou Sekirite Kominote: on.nyc.gov/3L7elrf
- Lwa sou Dwa Travayè: on.nyc.gov/49HL01s
- Sekirite nan Tanpèt Ekstrèm: on.nyc.gov/49z1TuE
- Resous Biwo Vil Nouyòk pou Prevansyon Vyolans ak Zam: on.nyc.gov/3wRdEOY
- DYCD, Sèvis pou Jèn ki Sove Kite Lakay yo epi ki San Abri: on.nyc.gov/3uSG3Uv
- Arasman Lokatè: on.nyc.gov/2SoaZUN
- Lekòl An Sekirite: on.nyc.gov/48JHsuc
- Fòmasyon Komisyon Vil Nouyòk sou Dwa Moun: on.nyc.gov/3wJCuAt



KANPAY AK ZOUTI SEKIRITE VIL NOUYÒK

- Lwa sou Dwa Moun Nouyòk: on.nyc.gov/3UNvUCM
- Atis Piblik an Rezidans — Stop Telling Women to Smile (Sispann Di Fanm pou yo Sourire): on.nyc.gov/3PdiM6B
- Rapòte arasman diskriminatwa: on.nyc.gov/3Pb3bnP
- Resous pou twalèt sèks endividyèl: on.nyc.gov/4bXT0Ng
- Pwoteksyon LGBTQIA+: on.nyc.gov/3Tq7v59
- Regilasyon sou polisyon lè Vil Nouyòk: on.nyc.gov/3vNSOzX



SIPÒ SALÈ

- Aplike pou benefis Nouyòk: access.nyc.gov
- Gad manje/kizin kominotè: on.nyc.gov/3v0AJhI
- Benefis SNAP — kat manje: nyc.gov/SNAP
- Fair Fares — kat métro rabè: nyc.gov/fairfares
- Sèvis Pwoteksyon pou granmoun: on.nyc.gov/3VffbbI



Eske w ap chèche lòt bagay? Rele 311 pou mande resous sekirite ou ka bezwen oswa vizite portal.311.nyc.gov.

Eske w ap chèche lòt bagay?

Rele 311 pou mande resous sekirite ou ka bezwen oswa vizite portal.311.nyc.gov.